# ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

**General Certificate of Education Ordinary Level**

## SHONA LANGUAGE 4007/1

PAPER 1: Rondedzero neNzwisiso

**NOVEMBER 2023 SESSION** Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

**Nguva:** Maawa maviri

**RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO**

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mubvunzo **mumwe** chete **muChikamu I** nemibvunzo **yose muChikamu II**.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

**ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO**

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

**Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mashanu nematatu asina kunyorwa chinhu.**

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, N2023.

© ZIMSEC N2023

**[Enda kuseri**

## CHIKAMU I: RONDEDZERO

Zvichakubatsira kuti upedze **awa imwe chete** pachikamu chino.

Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapiwa. Chinyora rondedzero yemhando yawasarudza nemazwi ari pakati **pe450 ne500** kana kusvitsa **mapeji mana**.

1 **(a)** Mhirizhonga. [50]

**(b)** Nyora nyaya inopedzisira nemazwi anoti, "Kana nzara chaiyo handina kuzombboinzwa." [50]

**(c)** Nyora nyaya inoburitsa pachena zvinoreva tsumo inoti, "Kukava datya kuriyambutsa." [50]

**(d)** Nyora hurukuro pakati pevanhu vaviri vari kukakavadzana pamusoro penzira yekuroorana nemuchato, umwe achiti yakanaka umwe achiti yakaipa. [50]

**(e)** Waitwa mutungamiri wevechidiki wesangano rekereke. Nyora mashoko aungataura pagungano ravo uchivapa mazano ezvavangaita kubatsira vanoshaiwa munharaunda mavanogara. [50]

**(f)** Nyora mhan'aro kumumiriri wedunhu renyu muparamende uchimutsanangurira zvimhingamupinyi zvamuri kusangana nazvo munzvimbo dzamakagariswa patsva nehurumende uye zvingaitwe kuderedza zvimhingamupinyi izvi. [50]

**(g)** Nyora tsamba kumukuru weBato reKutenga neKutengeserana uchimuudza nezvematambudziko ari kusangana nevatengi uye kuti anoderedzwa sei muZimbabwe. [50]



© Zimsec 20

## CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO

Verenga ndima iyi ugopindura mibvunzo inotevera.

2 Akanga ari mashambanzou, hweva ichangoti kwirei, matafi ava kurira, mazizi ava kubvumirana namachongwe apo mbuya Josi vakamuka pauriri ndokutanga kunyunyuta kumwana wavo Tatenda.

Kuzvara kwedzangu nyoka, aiwa, ndiko kunonzi kubvisa mapundu muura chokwadi. Chandakauyira zvangu kuzvigujurisa nebhazi raiye Moyondizvo anoti kana omhanya haachazivi kana kuziva zvake ... iye mukati haaputi mbanje? Iwo maziso anongogara akati kovo-o kutsvuka segudo radya chiviroviro...tichamunzwa chete. Aiwaiwa kuzvara kwedu madzimai, hameno.

Zvino ndizvo zviri pano izvi. Mwana oti mhai chimbouyai kuno mukarega mungandigumbure. Zvino ndizvo zvokusvikodhanairirwa kudai? Ndizvo zvandakasiira mamera angu muna Odzani kusvikoitirwa madzanambwanana akadai? Naamai vangu VaChurumhanzu vachandiona vana vaMabasa. Chokwadi vaera Soko vanoti vakariwana wadawatasva dhongi rapachigayo pachangamire.

Kuno baba vavo vanondibata neminwe ine zvimbi neirwo rukadzi rwavo Eneresi, ruroyi zvaro rwakadai kundipedzera vana vangu...dai vakararama maiti vaizoita mapenzi here? Zvino zvakwasara ivava vaviri vanoti zigotsikotsi iri rigere pano naiyeyu mudiki anotsenga mukanwa, hameno.

Rwuri irwo rukadzi rwako, Tatenda rwunotya pasi sepanoruma. Munhu ndokuita kukotama sezvinonzi uri dhibhura? Hanzi a, hee, handingagari pamusha ndiri kupedzerwa vana vangu. Vatatu chete? Ndizvo zvaunoti ndakapedzerwa? Ko isu takakwanhurirwa vose tingadai tichiri vapenyu here? Zvino imo muGweru makasouyiwa kare kare hanzi ndimo mave mumusha here? Vana kukura, kureba minwe seyavaRungu nokusaziva badza!

Kudoti zvinhu zvinofambirwawo zvichigadziriswa, dzoro papata hanzi handibati zvechihedheni ndinonamata. Zvechihedheni zvatakakura tichirerwa nazvo? Nhasi iwe ndiwe wangwara kudarika madzitateguru edu. Iwe wava mazivazvose. Mazvigona anoudza mai vakamuzvara kuti zvemashopeshope ndezvedima. Ho-o ita zvako Tatenda. Musi wandinoti didinya pasi apa uchabuda chinzvinzvi nomumukanwa.

Ko zvino zvawangosarirwa naiko kunamata kwakoko, chiitawo mabhazi nezvitoro zvinoita vamwe vezera rako. Ukati uchiri munhu mwanangu? Wakakohovedzwa nairwo rukadzi rwako rusinganyari kudyira mundiro imwe chete newe. Hoyoka Thomas naTongai vaenda mhiri kwemakungwa iwe wakangoti vavava sedzvinyu riri kuzambira zuva, musorobhangu.



**[Enda kuseri**

Zvawakanga watiza musha uchiti baba vanokuvenga, Eneresi akupedzera vana, ini mai vako ndinovenga mukadzi wako. Ko zvino zvowoti regai chana chaEneresi chiuye kuzopinda chikoro kuno?

Ndiwe wakauya nako kunamata here? Kusina kana nedoro kana tswanda yezviyo? Kunamata kwemari? Nhasi mufundisi wenyu Chiwaya handiti apfuma naidzo mari dzenyu muchingomukandira muchiti zvichemo kuna Mwari waChiwaya.

Iye Chiwaya watinoziva kuti chaiva chitopota chen'anga kuZambia. Akabva Zambia ari gwaumbu nhasi mamuitisa shoroma. Zvipfuyo zvake nemotokari zvonge honye dziri padhongi rakaora. Imi makangoti favava baba nhiya vangu.

(Nyaya yakanatsurudzwa kubva mubhuku Kunyarara Hakusi Kutaura? naC. Mungoshi.)

**(a)** Ndiani ari kutaura mundima iyi? (1)

**(b)** Tatenda anoyera mutupo upi? (1)

**(c)** **(i)** Chii chakaitwa naMoyondizvo chakagumbura munyori? (1)

**(ii)** Inguva ipi iri kunyunyuta munyori? (1)

**(d)** Ipa mazwi ako anoreva zvakafanana neaya sekushandiswa kwaakaitwa mundima.

**(i)** zvokudhanairirwa (2)

**(ii)** didinya (2)

**(iii)** zigotsikotsi (2)

**(iv)** gwaumbu (2)

**(e)** Chii chiri kushorwa nemunyori pamusoro pechinamato chemwana wake? (2)



© Zimsec 2023

**(f)** Tsanangura zvinoreva mazwi aya sekushandiswa kwawo mundima.

**(i)** wadawatasva dhongi repachigayo (2)

**(ii)** kubvisa mapundu muura (2)

**(iii)** isu takakwanhurirwa vose (2)
[20]

**(g)** Nyora pfupiso yendima iyi nemazwi ako asingadariki **makumi mashanu**. [10]



**[Enda kuseri**